

Travay Repons Lekti

Materyèl:

Jounal Repons Lekti

Kreyon

Kreyon Koulè oubyen Plim Fet

Liv lekti nan lekòl la

Aktivite:

- Fè pitit ou li an silans oswa a ot vwa. Lè li fini fè lekti, mande pitit ou reponn **Kesyon pou Jodi a** pou kalite liv li te li a (soti nan fèy **fiksyon OSWA fèy non-fiksyon**)
- Pale avèk li sou repons ke li bay yo.
- Paran an pra l ekri dat ak tit liv la nan Jounal Repons Lekti a.
- Fè pitit ou ekri repons yo oubyen desine/ilistre repons yo nan Jounal Repons Lekti a.
- Sote de liyn epi nan demen antre nouvo enfòmasyon yo nan menm paj la.

Yon paj nan liv la kapab parèt konsa:

September 12, 2016 Duck On a Bike

I would be friends with Duck. We would ride our bikes together.

September 13, 2016 Pancakes for Breakfast

After she got the eggs, she got the milk.

September 14, 2016 Henny Penny

There was a fox in this book and in The Gingerbread Boy.

Travay Repons Lektè

Kesyon pou Jodi a pou liv Fiksyon pou elèv ki nan klas K, 1, ak 2yèm ane

Fiksyon: Istwa ki fomante sou karaktè ansanm ak evenman ki pa reyèl. Yo enkli fantezi, mistè, kont, syans fiksyon, rakonte kont, fiksyon istorik ak poezi.

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
<p>Poze yon ? sou karaktè (yo) ki nan istwa a:</p> <p>Eske ou te ka pran karaktè prensipal la pou zanmi ou? Pou kisa oubyen pou ki pa? Ekri OSWA desine yon imaj pou ou menm ak pou karaktè a.</p>	<p>Poze yon ? sou pwoblèm ki nan istwa a.</p> <p>Kisa pwoblèm prensipal istwa a te ye? Ekri yon fraz sou pwoblèm nan OUBYEN desine yon imaj sou pwoblèm nan.</p>	<p>Poze yon ? pou konpare oswa tabli diferans ant istwa sa a ak lòt istwa.</p> <p>Kijan liv sa a reprezante menm bagay avèk lòt istwa ou te li oswa tande? OUBYEN kijan istwa sa a parèt diferan avèk lòt istwa ou te li oswa tande?</p>	<p>Poze yon ? sou montaj istwa a.</p> <p>Desine yon imaj oubyen ekri montaj istwa a OUBYEN desine yon kat jeyografik pou montre tout andwa kote karaktè prensipal la te ale nan istwa a.</p>	<p>Poze yon ? sou vokabilè ki nan istwa a.</p> <p>Se ki mo ou pi prefere nan istwa sa a? itilize mo sa a nan yon fraz OUBYEN desine yon imaj apwopo mo sa a.</p>

Kesyon pou Jodi a pou liv Fiksyon pou elèv ki nan klas 3yèm, 4yèm, ak 5yèm ane

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
<p>Poze yon ? ki ap ede lektè a konprann ide prensipal la.</p> <p>Ki leson ki te PI enpòtan ou te aprann nan istwa a?</p>	<p>Poze yon ? apwopo sekans oubyen lòd nan istwa a.</p> <p>Kisa ki te pase APRE _____? (paran ap ranpli yon evenman nan istwa a OUBYEN yo ap kite pitit yo chwazi yon evenman)</p>	<p>Poze yon ? pou konpare oubyen table diferans pami karaktè yo.</p> <p>Kijan _____ SANBLE avèk _____? (para nap ranpli non karaktè ki nan istwa a OUBYEN yo ap kite pitit yo chwazi karaktè yo)</p>	<p>Poze yon ? apwopo ilistrasyon yo.</p> <p>Pou ki rezon yo mete ilistrasyon yo nan paj _____?</p>	<p>Poze yon ? apwopo tèm ki nan istwa a?</p> <p>Ki tèm oswa mesaj ki degaje nan istwa a?</p>

Kesyon pou Jodi a pou liv Non-fiksyon pou elèv ki nan klas K, 1ye, ak 2yèm ane

Non-fiksyon: Ekriti ki baze sou fè, evenman reyèl, ak moun reyèl. Yo kapab enkli liv biyografi, istwa ak syans.

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
<p>Poze yon ? apwopo sijè oubyen tit liv la.</p> <p>Ki fè (yo) ou te kontan aprann plis?</p>	<p>Poze yon ? apwopo otè liv la.</p> <p>Kisa ou panse otè a te dwe fè avan li ekri liv sa a? OUBYEN Si ou te ka rankontre otè a, ki kesyon ou t ap poze li?</p>	<p>Poze yon ? pou konpare oubyen fè diferans ant liv sa a avèk lòt liv.</p> <p>Eske liv sa a menm jan avèk lòt liv ke ou te li? Kijan ou wè yo <u>sanble</u>? Kijan ou wè yo <u>diferan</u>?</p>	<p>Poze yon ? apwopo vokabilè ki nan istwa a.</p> <p>Ki nouvo mo ou te aprann nan liv sa a? Kisa mo a sinyifi?</p>	<p>Poze yon ? apwopo imaj, tablo grafik, kat, oubyen dyagram.</p> <p>Ki enfòmasyon ou tire apati _____? (paran endike yon fotograf patikilye, tablo grafik, kat oswa dyagram)</p>

Kesyon pou Jodi a pou liv Non-fiksyon pou elèv ki nan klas 3yèm, 4yèm, ak 5yèm ane.

Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi
<p>Poze yon ? ki ap ede lektè a fè yon koneksyon avèk tit liv la.</p> <p>Ki enfòmasyon itil ou te aprann nan tèks sa a?</p>	<p>Poze yon ? apwopo estrikti tèks la?</p> <p>Kijan otè a te prezante enfòmasyon ki nan sijè sa a?</p>	<p>Poze yon ? apwopo trè karakteristik ki nan tèks la.</p> <p>Ki enfòmasyon ou te jwenn apati etikèt, lejand, kapsyon oubyen tablo grafik yo?</p>	<p>Poze yon ? apwopo fè avèk opinyon.</p> <p>Bay yon fè enteresan ke ou jwenn nan tèks la? Bay yon deklasyon opinyon ki nan tèks la?</p>	<p>Poze yon ? apwopo kontni ki nan tèks la.</p> <p>Pou kisa tit liv sa a enpòtan? OUBYEN Ki moun ki ka twouve ke liv sa a itil?</p>

Tèm

1. **karaktè** - moun, zanimo, oubyen kreyati ki konpoze tout yon istwa
2. **konpare** - pou wè kijan de oubyen plizyè objè parèt sanblab oubyen similè.
3. **fè diferans** - pou wè kòman de oubyen plizyè objè parèt diferan youn ak lòt.
4. **montaj** - kote yon istwa pran plas; i.e., nan forè, vil, lekòl, lopital
5. **vokabilè** - mo yo
6. **ide prensipal** - gwo ide ki nan yon tèks
7. **sekans** - lòd kronolojik evenman yo; kisa ki te pase an premye, an dezyèm, an twazyèm, etc.
8. **ilistrasyon** - desen oubyen ptablo penti ki nan yon liv
9. **tèm** - mesaj santral oubyen kè istwa a; de kisa otè a vle nou panse. Li gen dwa se kouraj, jantiyès, pou nou rete brav, etc
10. **sijè** - youn oubyen de mo ki eksplike de kisa tèks pale
11. **estrikti tèks** - kijan tèks la òganize. Li gen dwa se deskriptif, kòz ak efè, pwoblèm/solisyon, konparezon/kontras, lòd tan/sekans,
12. **trè karakteristik tèks** - sa yo se pa kò devlopman tèks la, men yo se "ekstra" ki prezante plis enfòmasyon. Sa yo kapab enkli kat jeyografik, tablo grafik, tablo, kapsyon, etikèt, dyagram, endèks, glosè, gran tit ak sou-tit, ekriti an karaktè gra, e latriye.
13. **fè** - yon deklarasyon ke yo kapab pwouve si li vrè ou fo
14. **opinyon** - fason yon moun santi li apwopo yon bagay; yon kwayans oubyen jijman